



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO ENVESTISMAN NAN ELÈV, PWOSESÈ AK LEKÒL NEW YORK YO

Plan Gouvènè Hochul lan pral ankouraje ansèyman tankou yon pwofesyon; Krewe yon rezèv solid pou edikatè alavni

Plan an pral abòde mank aktyèl pwofesè New York yo ak ogmante anpil finansman pou edikasyon nan kindègadenn jiska 12yèm

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon plan pou rekonstwi mendèv anseyan New York la, avèk yon anfas sou rekritman ak retansyon pwofesè yo atravè Eta a pou rezoud mank aktyèl pwofesè a.. Plan odasye Gouvènè Hochul la gen ladan bay ankourajman pou pwofesè yo, askelere pwosesis sètifikasyon nan Eta a, abòde bezwen elèv yo epi krewe yon rezèv edikatè alavni ki solid pou asire mank sa a pa janm menase opòtinite pou fanmi ak timoun yo.

"Plis bagay toujou dwe fèt pou ede sistèm lekòl New York la simonte difikilte yo ki te egziste anvan epi ke pandemi an te agrave", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou dwe fè plis pou nou sipòte elèv ak pwofesè yo nan eta nou an epi ankouraje yon nouvo jenerasyon pou antre nan domèn edikasyon pou New York pa janm fè fas ankò ak mank kwonik pèsònèl nou wè jodi a".

Nan mwa oktòb, Gouvènè Hochul te anonse Eta New York pral finalman kenbe pwomès Kanpay pou Ekite Fiskal la ak etabli pwogresivman tout finansman Foundation Aid pou distri lekòl New York yo disi ane lekòl 2023-24. Sa pral vle di plizyè milya dola nan sipò siplemantè pou distri yo atravè Eta a ak yon opòtinite san parèy pou ranfòse sistèm edikasyon New York la.

New York, sepandan, ap fè fas tou ak yon gwo falèz pou retrèt nan ane k ap vini yo - youn ke pandemi aktyèl la te agrave. Eta a bezwen 180,000 nouvo pwofesè pandan pwochen deseni an pou satisfè bezwen mendèv la.

Pou satisfè kriz sa a davans, Gouvènè Hochul pral aji byen vit pou rekrite ak kenbe pwofesè yo, akselere pwosesis sètifikasyon pwofesè ak ogmante anpil finansman pou edikasyon kindègadenn rive 12yèm. Sa gen ladan:

- **Bay ankourajman pou atire plis pwofesè ak pwofesyonèl lekòl:** Kòm yon mezi imedyat pou konble mank pwofesè a, limit revni 35,000 dola pou kèk retirete pral tanporèman anile, kidonk sa pral ankouraje kèk nan apeprè 169,000 pwofesè retirete yo nan Eta a pou rejwenn mendèv la. Konseye retirete yo ak chofè bis lekòl yo pral ankouraje tou pou retounen lekòl. Pwogram sètifikasyon pwofesè altènativ yo, tankou Kolaborasyon Ansèyman Vil New York (New York City Teaching Collaborative), pral elaji tou pou rann li pi fasil ak pi evidan pou pwofesyonèl yo nan lòt karyè vin pwofesè. Fiti pwofesè yo pral apranti nan distri lekòl ki gen gwo bezwen yo pandan y ap fè yon metriz nan domèn yo.
- **Akselere pwosesis sètifikasyon pwofesè a:** Depatman Edikasyon Eta (State Education Department, SED) a pral resevwa pèsònèl siplemantè pou biwo sètifikasyon pwofesè li pou ka redui tan revizyon an. Anplis de sa, Gouvènè a pral travay avèk Lejislati a ak SED pou refòme pwosesis sètifikasyon an pou pèmèt pwofesè ki tanporèman apwouve yo travay touswit si yo satisfè egzijans yo nan zafè kou, anprent dijital ak verifikasyon antesedan, sa k ap abilite kandida pou anseye yo pandan y ap tann SED pou fini pwosesis apwobasyon long li an. Apwobasyon pwovizwa a pral elaji tou pou konseye lekòl, travayè sosyal ak lòt pwofesyon SED lisansye avèk mank aktyèl sou mache travay la, ansanm ak pou retirete yo ki gen lisans ki ekspire ki an règ.
- **Bay sibvansyon pou aprantisaj ak sante mantal:** Sibvansyon sa yo pral ale nan distri lekòl yo pou abòde defi sa yo nan bay resous, sa gen ladan plis konseye ak pwogram sante mantal ak opòtinite aprantisaj elaji.
- **Konekte kò sèvis elèv avèk gwoup kominotè yo pou satisfè bezwen lokal yo:** Inisyativ Kò Sèvis Elèv la pral itilize talan ak enèji plizyè dizèn milye etidyan SUNY ak CUNY nan pwogram ki gen rapò ak gadri, edikasyon, konsèy ak sante mantal avèk lekòl ki san bi likratif yo ak òganizasyon kominotè yo pou ede satisfè bezwen lokal pou timoun ak kominote yo.
- **Kreye yon pwogram rezidans pwofesè nan Eta a:** Pwogram Rezidans Pwofesè Empire State la pral bay finansman korespondans pou distri lokal yo pou kreye pwogram rezidans de ane pou kandida pwofesè nan nivo metriz yo. Pwogram ki finanse yo pral enplike SUNY, Inivèsite Vil New York (CUNY) ak/oswa fakilte prive ki fè patenarya avèk distri lekòl piblik yo pou bay kou bon mache oswa gratis pou kandida pwofesè yo, sa gen ladan liv ak frè, ankadreman, ak yon alokasyon pou kouvri depans pou viv yo. Pwogram lan pral priyòrizè divèsite pami rezidan pwofesè yo ak konseye patnè yo epi pral mete anfas sou matyè ki gen plis bezwen yo ak lokal jewografik ki gen mank pwofesè yo.
- **Finanse nouvo kowòt nan pwogram mèt pwofesè:** Kowòt sa yo pral vize sipòte pwofesè koulè yo, pwofesè Ansèyman Pwofesyonèl ak Teknik (Career and Technical Education, CTE) ak konseye oryantasyon yo. Pwogramasyon espesyal la pral konsantre sou asire tout elèv yo gen enfòmasyon ak opòtinite konsènan pwogram CTE yo ak pakou karyè altènativ.

- **Amelyore konpetans pwofesyonèl sipò pwofesè yo pou jwenn sètifikasyon yo:** Sa pral bay finansman pou pwofesè asistan yo akeri konpetans ak diplòm pou vin pwofesè, avèk yon priyorite sou divèsite nan mendèv la. Pwogram sa a pral kouvri de ane frè lekòl a tan pasyèl, frè ak liv nan SUNY ak CUNY pou pwofesè asistan rekonpanse sa yo ki rete anboche nan yon distri lekòl pandan y ap kontinye yon diplòm ansèyman, epi sa pral bay sipò pou patisipan k ap pouswiv yon diplòm nan ansèyman. Distri lekòl yo pral gen obligasyon mete kandida yo avèk konseye pwofesyonèl yo.
- **Bay lekòl yo plizyè milya dola nan finanse konplètman Foundation Aid:** Nan finanse konplètman Foundation Aid, sa pral mete yon fen nan 29 ane batay pou finansman apwopriye nan lekòl piblik yo - espesyalman sila yo ki gen elèv ki gen plis bezwen yo. Desizyon odasye sa a vle di tout lekòl yo pral kounye resevwa resous ki ekitab.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)